ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№139 (23.547) ● 2017 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 25, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Ахъуэхъу Таймураз Борис и къуэм иІыгъ къулыкъур щхьэщыхауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэу гъэувын.
2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м
№105-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къардэн Мурат Наусбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу гъэувын.
2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м
№106-УГ

Лыхъ З. А. и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Лыхъ Заур Абубэчыр и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и кулыкъур щхьэщыхьын.
2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрыр ягъэувыхь абы и кулыкъур игъэзэщІэну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къуэдзэ Лисун Еленэ Александр и пхъум.
3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м
№107-УГ

КЪБР-м и Іэтащхьэр Правительствэм и Унэм щахуэзащ Темыркъанхэ Борисрэ Юрийрэ

Музыкант цІэрыІуэхэу Темыркъанхэ Борисрэ Юрийрэ КЪБР-м и Іэтащхьэм бадзэуэгъуэм и 21-м щыхуэзам хэхауэ тепсэлъыхьащ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэм ядэІэпыкъуным, лъэпкъ музыкэм адэкІи зегъэужьыным япыщІа Іуэхухэм.

КІУЭКІУЭ Юрий къыхигъэщхьэхукІащ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ ныбжьыщІэхэм я творческэ екъулІэныгъэхэр гъэбагъуэным хуэгъэзауэ республикэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщекІуэкІыр икІи зэкъуэшхэу Темыркъанхэ Борисрэ Юрийрэ фІыщІэ яхуищІащ КЪБР-м и сабий музыкальнэ гупхэм лэжьыгъэшхуэ зэрыдрагъэкІуэкІым папщІэ.

«Ди дерсхэм едэІуэну Іэмал зыгъуэт сабийхэм апхуэдэ зэІуцІэхэм къыхалъхьэ дэрэжэгъуэр къыпхуэмыІуэтэным хуэдизу инщ», - жиІащ щІыналъэм и Іэтащхьэм.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

ЦІыхубэм ящІыгъу усакІуэшхуэ

● Фэеплъ

Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ КІыщокъуэ Алим къыззралъхурэ ильэсищэрэ щырэ зэрырикъум и щІыхьклІэ пэкІу екІуэкІащ.

КІЫЩОКЪУЭМ и цІэр зезыхьэ уэрамым тет Налшык къалэ администрацэм и гупэм къит фэеплъым деж, гъэ къэси хуэдэу, цІыхушхуэщызэхуэсат. Абыхэм яхэтт жылагъуэ, политикэ Іуэху зезыхьэхэр, гъуэзджэмрэ щэнхабэмрэ я лэжьакІуэхэр, лъэпкъ интеллигенцэр, усакІуэм и благъэхэр, Іыхьлыхэр, ныбжьэгъуэхэр, и усэхэр фІыуэ зыльагъуэхэр.

Зэхыхьэр иригъэкІуэкІащ КЪБР-м щэнхабэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**. Абы жиІащ КІыщокъуэ Алим и Іэдакъэщ!экІхэм адыгэ, союзпсо литературэхэр зэрагъэбеяр, цІыхубэм фІыуэ ялъэгъуа тхакІуэм къыщІэна тхыгъэхэм щІэупщІэ зэралэр икІи ахэр ди зэманым зэрыпэджэжыр.

Филологие щІэныгъэхэм я доктор **Гъут Іэдэм** жиІащ КІыщокъуэ Алим и фэеплъым пэгъунэгъуу щыт дэшхуэм жыгым щІэт тетысхьэпІэхэр цІыхуншэ зэрымыхьур усакІуэшхуэр цІыхубэм зэпымыууэ зэрытщІыгъум зэринэщэнэр. Апхуэдэу ар къытеувыІащ тхакІуэм и Іэдакъэщ!экІхэм гупсысэ куу зэращІэлъым, ахэр зэрыкупдэшхуэм и ІэдакъэщІэкІхэм гупсысэ куу зэращІэлъым, ахэр зэрыкупщІэбэм.

- Республикэм и цІыхубэ усакІуэ КІыщокъуэ Алим къыщалъхуа махуэшхуэмкІэ псоми сынывохъуэхъу. Ар щыпсэуам зыщІыхуну зи насып къихьахэм сэри сащыщщ. Ипхъу Татьянэрэ сэрэ дызэныбжьэгъути, я деж куэдрэ сыщыхьэщІэну къыхсуихуащ. Татьянэ Швецием и къалащхьэ Стокгольм щыпсэуми, иджыри дызэрощІэ. И адэм и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ нобэ литературэм щаубыдэ увыпІэм ар щыщІэупщІэкІэ, КІыщокъуэ Алим ди республикэм и тхьдэм усыгъэм, прозэм хуэфащэ увыпІэ зэрыщІыгъуэм тызогъэчыныхь. Псом хуэмыдэу нэхъыжьхэм зэІэпытхыу къекІуэкІа и тхыгъэ купщІафІэхэр дунейпсо классикэ литературэм и фІыпІэу къалъытэ. Си фІэщ мэхъу усакІуэшхуэм и Іэдакъэ къыщІэкІахэм иджыри лІэщІыгъуэ куэд къызэрызэпачынур, - жиІащ журналист, усакІуэ **Моттаевэ Светланэ.**

(КІэухыр 2-нэ нап.)

Гъут Іэдэм

Моттаевэ Светланэ

Налшык къалэм Мэлбахъуэм и цІэр зэрихьэу щыІэ уэрамым хуэзэу щытрахыжа гъущІ гъуэгу лъэмыжыр зэрещІа щІыпІэм лэжьыгъэ псори щынагъэблэгъащ. Абы еплъащ КІуэкІуэ Ю. А.

Лъэмыжыр зытелъа щІыпІэм деж щаукъуэдиижь автомобиль гъуэгур щІын яух. Иджыблагъэ абы щыІащ КІуэкІуэ Юрий.

РЕСПУБЛИКЭМ и Іэтащхьэм ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІыр къипщытащ икІи абдеж щыІэ псэупІэ унэхэм щІэсхэм епсэльащ. Лэжьыгъэм пыщІа министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ, къалэм и унафэщІхэм, подрядІ Іуэхущ!апІэхэм абы къалэн ящиІащ Іуэху псори фІагъ лъагэ яІэу зэфІагъэкІыну. КІуэкІуэ Ю. А. къыхигъэщхьэхукІащ ягъэува пІалъэхэм къриубыдэу лэжьыгъэхэр яухын зэрыхуейр.

ЛИТВИНОВЭ Надеждэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ М. М. иригъэкІуэкІащ республикэм бадзэуэгъуэм и 19-м щыІа уэлбанэшхуэм къихьа зэраныгъэхэр гъэзэкІуэжыным теухуа зэІущІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі Къуэдзокъуэ М. М. бадзэуэгъуэм и 21-м иригъэкІуэкІа зэІущІэр теухуауэ щыІащ республикэм бадзэуэгъуэм и 19-м щыІа уэлбанэшхуэм къихьа зэраныгъэхэр гъэзэкІуэжыным. ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Бэлэтокъуэ В. Хь., КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ-КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Говоров С. А., КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Ахъуэхъу Т. Б., Лэскэн, Май, Тэрч, Аруан, Шэрэдж, Іуащхьэмахуэ районхэм я щІыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, министерствэ, организацэ щхьэхуэхэм я унафэщІхэр.

ХЭЩІЫНЫГЪЭХЭР зыхуэдизым, уэлбанэшхуэм къиха зэраныгъэхэр гъэзэкІуэжыным хуэгъэзауэ зэфІагъэкІахэм ятеухуауэ зэІущІэм къыщыпсэльащ Урысейм и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КЪБР-м щыІэм и унафэщІыр, щІыналъэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, КЪБР-м Ухуэныгъэмкіэ, псэупІэ-коммунальнэ, гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм, «Кавказ» автомобиль гъуэгур зехьэныкІэ федеральнэ къэрал Іуэхущ!апІэм и къудамэу КЪБР-м щыІэм я лЫкІуэкІэр. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, республикэм и жылагъуэхэм ящыщу уэлбанэшхуэм и зэран зэкІа псоми электрокъарур, газыр, псыр иратыжащ. Социальнэ Іуэхущ!апІэхэм - школхэм, сабий садхэм, щэнхабэз унэхэм ящыщу зэраныгъэ зыгъуэтахэр зэрагъэпэщыж, гъуэгуэр ягъэкъабзэ.

Къыздэхуэсахэм къалэн щащІащ зэраныгъэхэр зыхуэдизыр тэмэму къапщытэну, ахэр гъэзэкІуэжыным хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр къызэрызэгъэпэщам тКІийуэ кІэлъыплъыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ я пресс-Іуэхущ!апІэ.

Гъавэр Іухыжын яух

Хьэцэпэцэ къэкІыгъэхэмрэ джэшхэкІхэмрэ мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым гектар мин 68,6-м щытрасащ. Абы щыщу гектар мин 35,6-р бжьыхьэсэ гуэдзщ.

КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, зэрыщыту гъавэм и бэвагъыр центнер 33,2-рэ мэхъу (2016 гъэм гектар къэс центнер 32,9-рэ къытрахащ). Бжьыхьэсэ гуэдзми центнер 35,9-рэ къытокІ икІи ар нэгъабэрейм йофІэкІ. Гъавэр Іухьжыным агрегат щищ хуэдизу йолэжь. Уэлбанэ къытемыхьэзмэ, хьэцэпэцэмрэ джэшхэкІхэмрэ зэщІэкъуэжыныр махуи 10-12-м къриубыдэу яухынущ.

УРЫС Ринэ.

Зауэр зэрекІуэкІар цІыхухэм я нэгу къыщІагъэхьэж

«Пшэхэм нэхърэ нэхъ лъагэу щыІа фронт» дзэтхыдэ фестивалым хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым дыгъуасэ къыщызэІуахащ зауэр зэрекІуэкІар уи нэгу къыщІэзыгъэхьэж теплъэгъуэхэр щагъэув лагерыр.

ФЕСТИВАЛЫМ хэтхэм къагъэсэбэп Дзэ Плъэжьым и зауэлІхэм Кавказыр щахъума зэманым ящыгъа фащэр, къагъэсэбэпу щыта Іэщэ лІэужьыгъуэхэр. Лагерыр лэжьэнущ 2017 гъэм шыщхьэуІуи и 8-м нэсыху.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ!апІэ.

● Лъэпкъ Іуэху

ХьэщІэхэр Къайнар ирегъэблагъэ

Тырку Республикэм и Къайсэр вилайетым хыхьэ Узун-Яйла щІыналъэм бадзэуэгъуэм и 22 - 23-хэм щекІуэкІащ Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивиль. Къайнар адыгэ жылэм щызэхуэсат Тыркум, Сирием, Иорданием, Германием, нэгъуэщІ къэралхэм къикІа адыгэхэр. Хэкум щыщу абы еблэгъат Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Краснодар крайм я лІыкІуэхэри.

МАХУИТІКІЭ екІуэкІа фестивалыр къыщыщІэзІуахым зыкъраГъэхьэлІащ Тырку Республикэм и Правительствэм, Къайсэр вилайетым я лІыкІуэхэм, къалэм и Іэтащхьэм.

ЦІыху мини 15-м щІигъу щызэхуэса фестивалым уэрэд щыжаІащ Къущхьэ Догъэн, Нэхущ Чэрим, Быщтокъуэ Аэзмэт, нэгъуэщІхэми. Абыхэм нэмыщІ дахэу утыку итащ Тыркум щыІэ Адыгэ Хасэхэм я къэфакІуэ, уэрэджыкІакІуэ гупхэр.

Гухэхъуэт апхуэдизу адыгэ зэгъусэу пльагъуну, я гурыгъу-гурыщІэхэм уедэІуэну, я псэукІэ-зэхэтыкІэм укІэлъыплъыну. А псоми, нэгъуэщІ зэІущІэхэми ятеухуа тхыгъэ ди газетым теддзэнущ, «1КЪБР» каналымкІэ къэдгъэлъэгъуэжынущ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

НОБЭ

♦УФ-м Следствиемкіэ и органэм я лэжьакІуэм и махуэщ

♦Белоруссием и мафІэсгъэункІыфІ Іуэхущ!апІэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1472 гъэм шэрджэс къхъуэ 24-рэ тенджыз фІыцІэм зэпрыкІри, Тыркум теуауэ щытащ.

♦1567 гъэм Венесуэлэм и къалащхьэ Каракас и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦1943 гъэм Прохладнэ - Налшык гъущІ гъэгур зэфІэгъэувэжыныр зэфІэкІащ.

♦1947 гъэм Чехием и къалащхьэ Прагэ къыщыщІэзІуахащ щІалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я І дунейпсо фестивалыр.

♦1984 гъэм дунейм щыяпэу цІыхубз-космонавтыр хьэршым хыхьащ. Ар зыхузэфІэкІар совет космонавт Савицкая Светланэщ. «Салют-7» кхъухьым икІри, ар хьэрш зэІухам хыхьащ.

♦Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, юстицэмкІэ министру, депутату, Адыгэ Хасэм и тхьэмадзу щыта **Хьикмэт (МафІэдз) Умар** къызэралъхурэ илъэси 131-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и цІыхубэ тхакІуэ **Ахъмэт Мухьэдин** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦ТхакІуэ, юнорежиссёр, акТёр цІэрыІуэ, РСФСР-м гуазджэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтыр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Шукшин Василий** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик, Адыгейм щІэныгъэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Хъут Шэмсэдин** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Публицист, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ, УФ-м, КЪБР-м, КъШР-м щэнхабзэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ **Аттаев Жэмал** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦АР-м и къэрал лэжьакІуэ, журналист, политикэ щІэныгъэхэм я доктор **КІэрашэ Аслъэнбэч** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Географие щІэныгъэхэм я доктор, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Болэ Владислав** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦АР-м щыхь зиІэ и журналист, «Шапсугия» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Ныбэ Анзор** и ныбжьыр илъэс 45-рэ ирокъу.

♦Боксёр, Олимп джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа **Хърачэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 34-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 23-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гур зыхуеІэм Іэр лъоІэс.

ЦІыхубэм ящІыгъу усакІуэшхуэ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап).

- КІыщокъуэ Алим и гуащІэр хэмытамэ, республикэм и щэнхабзэмрэ литературэмрэ ныкъуэ хъунут икІи адыгэбзэр уи нэгу къыщІэгъэхьэгъуейщ. Курыт еджапІэм сыщІэсу «Нал къута» романыр къыщыдэкІам, тхылъ щапІэхэм куэду щызэхуэса тхылъеджэхэм ахэр псынщІэу зэбграхауэ зэрыщытар гуфІэнэж сщыхъуащ. КІыщокъуэм щІэиныфІ къытхуигъэнащ. Дэтхэнэ зыми ди къалэнщ гунэс тщыхъуа тхакІуэм и лэжьыгъэхэм щІэблэр щІэтпІыкІыну. КІыщокъуэ Алим сыт щыгъуи ди гъуэщ, - къыхигъэщащ КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт, лъахэхутэ **Котляровэ Марие**.

Котляровэ Марие

Емуз Анатолэ

- УсакІуэшхуэм и тхылъ купщІафІэхэм дыкъызэрыщІэтэджыкІам, езыр си цІыхугъэ зэрыщытам срогушхуэ. Республикэм и гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ зегъэужьыным, Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэхэр Москва щегъэкІуэкІыным теухуауэ лэжьыгъэ Іээхуэ КІэлъыкІуэ къыщыдгъэхьэм, КІыщокъуэр куэдкІэ къыздэсІэпыкъурт. Абы и псалъэм пщІэшхуэ иІэт. «Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь» щІыхьыщІэр абы къыщыхуагъэфэщам, республикэм ис лъэпкъ псоми я махуэшхуэт. КІыщокъуэм и фэеплъымрэ абы и гуащІэмрэ зэи тщыгъупщэнукъым, - жиІащ КъБР-м цІыхум и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**.

Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм и унафэщІ, профессор **Емуз Анатолэ** къырихьэлІахэм ядэгуэшащ 1978 гъэм Индием лэжьыгъэ Іэуэхуэ щыІэу КІыщокъуэр гъунэгъуу къыздэрыщцІыхуам теуху и гукъэкІыжхэмкІэ. Гушхуэныгъэ зыщІэлъ и псалъэм къыхэщырт и лъэпкъэгъур тхакІуэ, усакІуэ къудей мыхъуу, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэуи зэрыщытыр, абы и хъэпсэлъэныгъэхэр цІыху мин бжыгъэхэм я Іэхуэщ Іапэм «Я сердце несу людям» тхылъ гъэлъэгъуэныгъэр къызэрыщызэІуахар.

Тхылъыр фІыуэ зылъагъуэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Шинкарёвэ Наталье** игъэхьэзыра ныбжьыщІэхэр, Щхьэлыкъуэ къуажэм КІыщокъуэ Алим и цІэр зезыхьэ и курыт еджапІэ №2-м щыщ еджакІуэхэр къеджащ усакІуэм и Іэдакъэ къыщІэкІахэм ящыщу нэхъыфІу ялъагъуу усэхэм. Утым и деж щедэІуащ усакІуэм и псалъэхэр зыщІэлъ уэрэдхэм.

ЗэІущІэр и кІэм щынэблагъэм, КІыщокъуэ Алим и фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Зэхыхьэм хэтахэр кІуащ Алим къыщалъхуа, щыщІалъхьэжа Щхьэлыкъуэ къуажэм, усакІуэшхуэм и фэеплъ музейуэ абы дэтым. Аращ щахъумэр усакІуэм къыщІэна хъэпшыпхэр, сурэтхэр, тхылъхэр. КъырихьэлІахэм абы зыщапІъыхьащ, усакІуэм и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ тепсэлъыхьащ, и усэхэм къеджащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЕхъулІэныгъэкІэ ирагъажьэ

● Футбол

«Кубань-2» (Краснодар) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:3 (1:2). Краснодар. «Труд» стадион. Бадзэуэгъуэм и 20-м. ЦІыху 220-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Зубов (Іузэв), Охрименкэ, Холин (тІури Мейкъуапэ щыщщ).

«**Кубань-2**»: Москаленкэ, Новак, Закиров, Журавлёв, Тюфяков, Каусаров, Волчков (Завезён, 79), Майрович (Нурисов, 79), Митрохин, Сидоров (Пономарёв, 79), Джумаев (Почтарёв, 57).

«**Спартак-Налшык**»: Щоджэн, Муслуев, Шахтиев, Тебэрды (Абазэ, 35), Миронов, Магомадов, Ахриев (Захарченкэ, 79), Каркаев (Мэшыкъуэ, 70), Медников (Алий, 87), Михайленкэ, ЛІуп (Гугуев, 77).

Толхэр дагъэкІащ: ЛІупым, 7 (0:1). Джумаевым, 12 (1:1). ЛІупым, 37 (1:2). Михайленкэ, 90+4 (1:3).

Дагъуэ къыхуащІащ: Сидоровым, Журавлёвым, Каркаевым, Новак, Магомадовым, Гугуевым, Каусаровым.

ЩІэрыщІэу къызэрагъэпэщыжа «Спартак-Налшыкым» Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щыщІэзыдза зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэ джэгуГъэм хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуар «зыкъызэрызэщІэбгъэпльэну» уасэ зимыІэт: мыбы ипэкІэ зэфІэкІа зэпеуэм «Кубань-2»-м иужь дыдэ увыпІэрат щиубыдар. НэхъапэлуэкІэ мы командэхэм зы зэныбжьэгъугъэ зэІущІэ закъуэ щІымахуэ кІуам зэдграгъэкІуэкІауэ арати, абы налшыкдэсхэр 2:0-у щытекІуат.

Дауи, дэ тфІэхьэлэмэтт «Спартак-Налшыкым» и фащэр ящыгъыу джэгупІэ губгъуэм къихьэнухэр хэтми. ТцІыхуэм ящыщу къыщІэкІащ гупым и ныкъуэм нэблагъэр: гъуащхьэтет Щоджэн Борис, гъуащхьэхъуэ Тебэрды Тимур, гъуащхьэхъуэмэныкъуэхэу Каркаев Алимрэ Ахриев Хьэсэнрэ, гъуащхьауэ ЛІуп Исльам. Адрейхэр адэ-мыдэкІэ кърашахэщ. Псом хуэмыдэу куэд бдэжэнду къыІахащ Іроэнэ и «Ахмат» (нэхъапэм «Тэрч») командэм.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, «Спартак-Налшыкым» къыхэнаэращ абы и джэгуКІар мэхуэку КІуам зыубзыхуар. Псом хуэмыдэу жьыдэрт зи узынщагъэр зэфІэувэжыпа ЛІуп Исльам. Бжьыгъэр къыззІуихыну яп дакъикъитупм абы Іэмал гъуэзэджэхэр иІащ, арщхьэкІэ «Кубань-2»-м и гуащхьэхъумэхэм ахэр къызэпаудыфащ. Ебланэ дакъикъэм абыхэми ахуэзфІэкІыжа щыІэкъым - Исльам и закъуэ гъуэм бгъэдыхьэри, ар хигъэщІащ.

Мыгувэу бжьигъэр нэхъыбжь хъуфынут. Ахриевымрэ ЛІупымрэ зы гъуащхьэхъуэмэм щыбгъэдыхьэм, топыр Іэкіуэлъакіуэу ихуэзІэпыхакъым.

Куэд дэмыкІыу краснодардэсхэм я насып къикІащ. Сидоровыр зэуа топым Щоджэным къригъэгъэзащ, арщхьэкІэ япэ къэса Джумаевым бжьигъэр зэхуэдэ ищІащ. Абы игъэгушхуа хэгъэрейхэр япэ ищыным иІэжар зымащІэщ: топыр ди гъуэм и пкъом техуэри лъеижащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, загъэпсэхуну имыкІ щыкІэ «Спартак-Налшыкыр» аргуэру япэ ищащ. Ахриев Хьэсэн Іэзэу кърита топыр ЛІуп Исльам «Кубань-2»-м худигъэкІащ.

ТекІуэныгъэр къыхуэзыхь бжьыгъэр хъуэмэну я мураду налшыкдэсхэр джэгум и етІуанэ Іыхьэм къихьащ. Апхуэдэ гупсысэм и зэран абыхэм ящыщІэмащІэщ иІэжар икІи хэт ищІэнт зэІущІэм сыт хуэдэ бжьигъэ кърикІуэнуми, Щоджэн Борис и Іэзагъыр мыхъуатэмэ - абы мызэ-мытІэу ди командэр къригъэлащ.

ЕтІуанэ топыр зыхудэмыгъэкІ хэгъэрейхэм хуэмурэ я къарур кьалэщІэухащ. Ар къагъэсэбэпри, ди щІалэхэм кІэух бжьигъэр 3:1-м нагъэсащ. Гугуев Магомед краснодардэсхэм я гуащхьэхъуэмэхэм яІэщІэкІри Михайленкэ топыр хуигъэжащ. Мыдрейр гъуэм блэмыукІ хуейуэ арати, къехъулІащ.

Апхуэдэ щыкІэкІэ «Спартак-Налшыкым» 2017 - 2018 зэхьэзэхуэр етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щригъэжащ. Арщхьэкіэ тыншу къаІэрихьа текІуэныгъэм ди щІалэхэм я щхьэр игъэнаэз хъунукъым - абыхэм зыщагъэгъупщэн хуейкъым «Кубань-2»-р я хьэрхуэрэгъу нэхъ лъэрымыхь дыдэхэм ящыщ зыуэ зэрыщытыр.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2017/2018 гъэхэм щызэхэт зэпеуэм и пэщІэдзэ джэгуГъуэм къариКІуа бжьыгъэхэм: «**Анжи-2**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **1:1**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **1:1**, «**Академия им. В.Понедельника**» (Дон Іус Ростов) - **СКА** (Дон Іус Ростов) - **1:2**, «**Чайка**» (Песчанокопское) - «**Спартак-Владикавказ**» (Владикавказ) - **1:0**, «**Іэфлыпс**» (Іэфлыпс) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **1:0**, «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - **0:1**, «**Армавир**» (Армавир) - «**Краснодар-2**» (Краснодар) - **3:0**.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекІуэкІ зэхьэзэхуэм и етІуанэ джэгуГъуэр бадзэуэгъуэм и 28-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» и стадионым къыщригъэблагъэнущ «Динамо-Ставрополь» командэр.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«**Армавир**»	1	1	0	0	3-0	3
2.	«**Спартак-Налшык**»	1	1	0	0	3-1	3
3.	СКА	1	1	0	0	2-1	3
4.	«Чайка»	1	1	0	0	1-0	3
5.	«Легион-Динамо»	1	1	0	0	1-0	3
6.	«Іэфлыпс»	1	1	0	0	1-0	3
7.	«Черноморец»	1	0	1	0	1-1	1
8.	«Ангушт»	1	0	1	0	1-1	1
9.	«Динамо-Ставрополь»	1	0	1	0	1-1	1
10.	«Анжи-2»	1	0	1	0	1-1	1
11.	«Дружба»	0	0	0	0	0-0	0
12.	«Акад. им. В. Понедельника»	1	0	0	1	1-2	0
13.	«Биолог-Новокубанск»	1	0	0	1	0-1	0
14.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	1	0	0	1	0-1	0
15.	«Спартак-Владикавказ»	1	0	0	1	0-1	0
16.	«Кубань-2»	1	0	0	1	1-3	0
17.	«Краснодар-2»	1	0	0	1	0-3	0

Зи гъащІэм и нэхъыбапІэр пощт лэжьыгъэм хуэзыгъэпса цІыху гъуэзэджэ **Шорэ Майе Рэмэзан и пхъур** зэрыІлар икъуэкІэ гущІыхьэ тщыхъащ. Щапхъэ игъэлъагъуэу ар Налшык почтамтым илъэс 40-м щІигъкІэ щылэжьащ икІи а зэманым ящриубыдэу ведомствэм и тыгъэ куэд къратащ, «Сявзым и мастер» цІэ лъапІэр къыфІащащ. И лэжьэгъуэхэм ахуэгъэзащэ абы хэпъа гуапагъэмрэ гулъытэмрэ гъунапкъэнэшэщ.

Шорэ Майе анэ гумащІэт, анэшхуэ гуапэт. Ар зыдэлэжьахэмэ зэгуэр зыцІыхуу щытахэми зэи ящыгъупщэнкъым.

Нисковская Н. Н., Гориховская М. М., Дыджэш Л. Хь.

● Парт Іуэхухэр

ПАРАФИЛОВ Дмитрий: Партым къыхилъхьа Іуэхухэр яубзыхуа мардэм тету Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащІэ

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Президиумым и зэхьэзэ бадзэуэгъуэм и 13-м Москва щекІуэкІам щытепсэлъыхьащ ипэкІэ зэтраубла проектхэм ящыщу ялэ илъэс ныкъуэм зэфІагъэкІам. Зи гугъу ящІахэм хыхьэрт «Тхыдэ фэеплъ», «Къалэ щІыкІуэм щыІэ театрхэр», «Щэнхабзэмкіэ унэ», «Сабий гъэсапІэхэр - щІыкІуэм папщІэ», «Егъэджэныгъэр егъэфІэкІуэн», «Сабий спорт» федеральнэ проектхэм пыщІауэ мы зэманым ирихьлІэу Урысейм и щІыналъэхэм щызэфІагъэкІар.

«УРЫСЕЙ зэкъуэт» партым и щІыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэм и секретарым и къуэдзэ, партым и щІыналъэ исполкомым и унафэщІ Парафилов Дмитрий зэрыжиІэмкІэ, Президиумым и зи чэзу зэхуэсым къыщызэщІакъуэжащ блэкІа илъэс ныкъуэм кърибыдэу зэфІагъэкІа лэжьыгъэр. ИкІи къыхигъэщащ зи гугъу ящІа Іуэхугъуэхэм я теуухуауэ къыхуагъэува мардэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрытетыр.

- Псалъэм папщІэ, «Щэнхабзэмкіэ унэ», «Къалэ щІыкІуэм щыІэ театрхэр» проектхэм пыщІауэ яубзыхуахэр щхьэж и чэзум тету мэкІуатэ, - жиІащ Парафиловым. - Республикэм и къуажипщым Щэнхабзэмкіэ дэт унэхэр лажьэу яутІыпщыжын папщІэ сом мелуани 179-рэ хухэтхащ. Театрхэм папщІэ къыхагъэкІа ахъшэр сом мелуани 5,5-рэ мэхъу.

«Щэнхабзэмкіэ унэ» парт проектым ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мурадщ щэнхабзэ ІуэхущапІэщІэхэр къызэІуахыну, щыІэхэр зэрагъэпэщыжыну, къуажэ клубхэр зыхуей хуагъэзэну.

Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым къыхилъхьауэ зи гугъу тщІы Іуэхум и закъуэ къэралым ит Щэнхабзэмкіэ унэу 1900-рэ къыхьыщащ, цІыху мелуанитхум нэблагъэ къызэщІеубыдэ. Апхуэдэ бжьигъэхэр къыхигъэщащ проектыр пхыгъэкІыныр зи пщэрыль, Къэрал Думэм Щэнхабзэмкіэ и комитетым и унафэщІ Казаковэ Ольгэ. Мы зэманым щІэгъэхуэбжьауэ йокІуэкІ етІанэгъэ проектым къыхьыхьэну зыкъэзыгъэлъэгъуа Щэнхабзэмкіэ унэхэм я Іуэху зыІутыр къэпщытэныр.

ПЕЧОНОВ Владилен.

● КъБР-м и прокуратурэм

И ІэнатІэм Іуагъэкі

Шэрэдж районым къэрал властымрэ щІыпІэ самоуправленэмкіэ я Іэнатіэхэм къэрал, муниципальнэ къулыкъуэм, корпуцэм пэщІэтыным я Іуэхукіэ федеральнэ законодательствэхэр зэрагъэзащІэр щыналъэм и прокуратурэм къипщытащ.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкІуэкІым къызэрахутамкІэ, щІыпІэ администрацэмрэ къуажэхэмрэ я муниципальнэ къулыкъущІэ щхьэхуэхэм я хэхъуэхэр, я хэщІэр, я мыльку, ар зыхуэдэр нэгъэсауэ икІи пэжу къагъэлъэгъуатэкъым.

Къапщтэмэ, район администрацэм и юридическэ къудамэм и унафэщІым и щхьэгъуэсэм кафе зэриІэр и Іэтащхьэм щибзыщІащ, ардыдэмкІи «Коррупцэм пэщІэтыным и Іуэхукіэ» Федеральнэ законыр къызэпиудащ.

Къэпщытэныгъэм кърикІуам ипкъ иткІэ, Щэрэдж щІыналъэм и прокурорым игъэхьэзыра тхылъыр зыхуэфащэ комиссэм щызэпкърахри, и дзыхьэр зэрафІэкІуэдам къыхэкІыу, муниципальнэ къулыкъущІэр и Іэнатіэм Іуагъэкіащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущапіэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м

Къэрал Іуэхутхьэбзэ куэд зэфІах

КъБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ министерствэм и Іэнатіэхэм щызэфІах къэрал Іуэхутхьэбзэхэм.

РЕСПУБЛИКЭ МВД-м и ИЦ-м цІыхухэм Іэхутхьэбзэхэр яхуэщІэнымкІэ и гупым и инспектор, къэрал кІуэцІ къулыкъум и капитан **Трамовэ Оксанэ** зэпкърыхауэ къытеувыІащ зэфІагъэкІ лэжьыгъэм. ИЦ-м справкэ ет цІыхум суд тращІыхьауэ щытамэ (е апхуэдэ зэрыщымыІамкІэ), уголовнэ Іуэху щыІэмэ е ар зэхуащІыжамэ; политикэ залымыгъэм и лей зытекъар хей зэращІыжам теухуа справкэхэр; архив справкэхэр, къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ органхэм щахъумэ архив документхэм я копиехэр; Урысей Федерацэм ирашыну официальнэ дэфтэрхэм апостиль трагъэувэ; цІыхум и фІэфІыныгъэкіэ къэрал дактилоскопие ирегъэкІуэкІ.

Апхуэдэу ИЦ-м къыщыІах хъунущ наркотикхэкІ е акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэ дохутырым имытхэуэ зэрызрихьэлІам къыхэкІыу административнэ жэуапым ирашэлІамэ е апхуэдэ зэрыщымыІэм теухуа справкэ. Мы къэрал Іуэхутхьэбзэхэм хуейр МФЦ-м макІуэ е къэрал Іуэхутхьэбзэхэр щызэгъэуІуа порталым къыщІельыхьуэ.

Илъэс къэс нэхъыбэ мэхъу къэрал Іуэхутхьэбзэхэмкіэ центрым зыкъыхуэзыгъэзэхэр. 2017 гъэм и япэ мазихым пхъэ тхылъхэр къатащ цІыху 7411-м.

- ЦІыхухэм зыкъызэрытхуагъаззэр къаІыдох блыщхьэ - щэбэт махуэхэм. Справкэ псори пщІэншэу ядот, апостиль тегъэуэным къищынэмыщІауэ - абы къэрал пошлинэу сом 2500-рэ хуоззэр, ар Сбербанкым и къудамэ дэтхэнэми щепт хъунущ, - жиІащ Трамовэ Оксанэ.

КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м кІэлъыплъыныгъэмрэ регистрацэ-экзамен лэжьыгъэм я нэІэ тетыныкІэ и къудамэм и къэрал инспектор, полицэм и майор **Баттаевэ ФатІимэ** жиІащ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэрызэфІахыр, абы электроннэрэ хьихьэу, ирагъэфІэкІуэным зэрелэжьыр.

КъБР-м щыІэ МВД-м Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхуэмкіэ и управленэм УФ-м и цІыхухэм ядэлэжьэныкІэ и къудамэм и унафэщІ **Хьэбэч Ислъам** жиІащ я Іуэхущапіэм Урысей Федерацэм, нэгъуэщІ къэралхэм я цІыхухэм, гражданствэ зимыІэхэм, ахуэдэуи Іуэхущапіэхэм Іуэхутхьэбзэ 16 зэрыхуащІэр. Блэкіа мазихым Іэпхъуэшапхъуэм теухауэ къэрал Іуэхутхьэбзэ 97507-рэ зэфІагъэкІащ; абыхэм ящыщу 86177-р - цІыху щхьэхуэхэм, 11330-р - лэжьапІэ Іэнатіэхэм.

- ЩІэупщІэ нэхъ иІэщ Урысей Федерацэм и цІыхухэр къэралым хыхьэу здащыІэ щыпІэм, щыпсэу щыпІэм щытхын; УФ-м и гражданиным и паспортхэр ятын, ахэр хъуэжьын; адресно-справочнэ хъыбар яІэрыгъэхьэн Іуэхутхьэбзэхэм, - жиІащ Хьэбэч Ислъам. Абы къыхэзыхигъэщащи, мэкъуауэгъуэ мазэм управленэм Къэрал Іуэхутхьэбзэ 7983-рэ зэфІихащ, абы электроннэу 2903-рэ хьихьэу.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Щалэгъуэ

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар Щомахуэ Залинэщ

Хамэхэ я унагъуэ дахэр

● Щапхъэ

«Сыт хуэдиз екъулlэныгъэ цlыхум имыlэми, абы и дежкlэ нэхъапэр и унагъэращ. Ар зыкlи пхуэмыхьуэжьи фlыгъуэшхуэщ, арыншауэ гъащlэр щыз хъунукъым». - жаlэ «Илъэсым и унагъуэ-2017» урысейпсо зэпеуэзм и хэгъуэгу Iыхьэм щытекlуахэу Хамэхэ Аслъэнрэ Мадинэрэ (Тэрч къалэ щопсэу). Зэщхьэгъусэхэр зэрызэрыщэрэ илъэсий щрикъум зыlэрагъэхьа екъулlэныгъэр абыхэм гъащlэ гъэзэуанэ дахэ зэрырашэжьам и щыхьэтщ.

- ЗЭПЕУЭМ дыхэтыну къыхэзыльхьар си щхьэгъусэращ. Пэжым ухуейми, сэ сфlэфlыщэтэкъым ар, ауэ лlым ищlа унафэм сыпэщlэуважьым. Дыззэригугъауэ, зэпеуэм унагъуэ дахэ куэд къэкlуат, икъукlэ екlууи зыкъагъэльэгъуащ. Арагъэнщ текlуэныгъэр ди дежкlэ апхуэдизу лъапlэ щlэхъуари. Хуабжьу си гуапэ хъуащ япэ увыпlэр къызэрытхуагъэфэщащ, - жаlэ Мадинэ.

Къыкlэлъыкlуэу зэщхьэгъусэхэм урысейпсо утыкум зыкъыщагъэльэгъуэну къапэщылъщ. Щэч хэмылъу, ахэр текlуэныгъэм щlэбэныну, ауэ иджыкlэ зыlэрагъэхьари ехъулlэныгъэшхущ.

Зощхьэгъусэхэр щызэрыщlыхуар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетырщ, тlури биологием хуеджащ.

- Сэ Бахъсэн щыналъэм хьихьэ Къулъкъужьи Ищхьэрэ къуажэм сыкъыщыхъуащ. 11-нэ классым сыщlэсу ди адэр дунейм ехьыжри, ди анэм и закъуэ си дэлъхуитlымрэ сэрэ дригъэджащ. Си анэм хуабжьу къехьэлъэкlырт жыжьэ сызэрыдэкlуар, ауэ си насыпым щыгуфlыкlыуэрэ, сызэрыжьжьэм есэжащ. Сэри тыншу сыхэсхьыащ унагъэщlэм, - жаlэ Мадинэ.

Аслъэн и адэ Iэниуар афган зауэм и ветеранщ. Абы къыщигъэльэгъуэ лlыхъужьыгъэм папщlэ медаль зэмылlэужьыгъуэ зыбжанэ къратащ.

- Хуабжьу срогушхуэ си адэм, абы и цlэр зыщlыпlэ къыщрагъуэу щызэхэхкlэ, си щхьэр лъагэу солъагъуж икlи сызэрыхуэфэщэным яужь ситщ, - къыддогуашэ Аслъэн.

Екъулlэныгъэ зи бэ щlалэщlэм а псом ящхьэр къилъытэр и адэ-анэмрэ и унагъуэ дахэмрэщ. Университет нэужьым Тэрч къалэ дэт курыт еджапlэ №2-м лэжьэн щыщlэсыдза щlалэм илъэсибл дэкlа иужькlэ а школым и унафэщlыу ягъэуващ.

Iэхэу куэдым хужьыджэр щlалэр щыналъэм егъэджэныгъэмкlэ и управленэм щlалэгъуалэ политикэмкlэ, гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ программэм хэмыхьэ щlэзныгъэмкlэ и къудамэм и унафэщlу къулыкъур 2015 гъэм и пэщlадзэхэм къыхуагъэфэщащ. Иужьыкlэ Тэрч къалэм и щlыпlэ самоуправленэм и депутату хахащ. А псом къищынэмыщlауэ, Хамэхэ я лъэпкъ жыгыр зэфlигъэувэжри, тхылъ щхьэхуэуи къыдигъэкlыжащ.

- Укъызыхэкlа лъэпкъым и къуэпсхэр къыщежьэр къэпхутэнэр сэбэпышхуэ зыпылъ Iэхуу гъэщlэгъуэнщ. Къэхутэныгъэр щебгъэкlуэкlкlэ пфlэкlуэдауэ щыта благъэхэр къыщыбгъуэтыжи щlыщ. А зэпыщlэныгъэхэм лъэпкъэр, унагъуэр благъэщlэхэмкlэ нэхъ бей ящ.

КъБР-м и Парламентым, КъБКъУ-м, Мейкъуапэ дэт Къэрал технологие университетым къабгъэдэкl фlыщlэ тхылъхэр, нэгъуэщl куэди къыхуагъэфэщащ Аслъэн.

Мадинэ Тэрч щlыналъэм Сабий творчествэмкlэ и центрым щрегъаджэ. Къыдэлажьэхэми и гъэсэнхэми фlы дыдэу къалъагъу.

«Илъэсым и унагъуэ» зэпеуэм псом хуэмыдэу къыхэлыдыкlащ Аслъэнрэ Мадинэ япхъухэу Эллинэрэ Iэминэрэ я усэ жыlэкlэр. Ксэнщытакlуэхэри пэшым щlэсахэри занщlэу къыдахьэхат, уеблэмэ интернеткlэ зэлэпахыу щlыху куэд елпыжащ а щlыкlуэм я утыку итыкlам.

Мыгувэу зощхьэгъусэитlыр зыхэтыну урысейпсо зэпеуэм текlуэныгъэ къыщахьыну, я унагъуэ дахэр щlэблэ куэдым щапхъэ яхуэхъуну ди гуапэщ.

ТАУ Алёнэ.

ЩОДЖЭН Риммэ

ЗекIуэлI

Хъыбар

КъАРТУЛ и щхьэгъусэ Сэтэней, набдзэ зытелъым ялейуэ, цlыхубз тхьэlухуд. Ар икlи дэрбзэр Iэзэт, щууей блэкlым зы Iупльэгъукlэ бзыпхъэ трихырти, хуэфlыпсу фащэ хуидырт. Фlыуэ зэрылъагъуу зэрышаитlым зэтlолъхуэныкъуэу щlалэ цlыкlуитlи эдгагъуэтауэ яlэт.

Зекlуэлlт, лlыгъэ зезыхьэт, къикlуэти къэгъази зимыlэ адыгэлlт Къартул. Шыр фlыуэ игъасэрт, сэшхуэр Iэзэу игъабзэрт.

Нэху къекlимэ, зекlуэ екъэну Къартул пщlыхьапlэ шынагъуэ ильэгъуащ. «Ущlалэу гугъу уехъра пlуэтэжмэ нэхъыфlи зыгъэхьэжьыжьауэ, - жаlэ Мадинэ. - Ауэ ди ныбжьыкlэ ящlа, ар щысыжкъым. Къытепсыха насыпышагъэм щхьэкlэ и щхьэ мыгуагъэ хуихьыжу псы Iуфэм заулрэ щысри и гъэзэуанэм пищэжащ.

Куэдрэ кlуащ Къартул, мэжэлlарэ ешауэ. Сытми, къуажэ гуэр хуоззэ.

Зекlуэлlыр ещхьыпlэншэти, къуажэщщым зыхуегъаззэ. Зэрыхабзэу, пщым и унафэм уебакъуэ хъунутэкъым, къуажэм сыт къыщыхъуми абы ищlэн хуейт.

Къартул егъэлеяуэ бэлэбанэт, ныбаджэт, фейцейт.

- Сыт пхуэщlэрэ?.. Уэлэхьи, уэ сэ слъагъур Iэхъуэ нэхъыщхьэ умыхъун, - къыщыжриlэм, Къартул арэзы мэхъури, къуажэ Iэхъуэу мэуб, бысымым зришэлIа щlыпlэ жыжьэм.

Гукъеуэмрэ гугъуехьымрэ жьыфэ къытрагъэуа пэтми, абы и Iущагъыр, Iэкlуэлъакlуагъыр и лэжьыгъэм щигъэнаlуэрт. Езыр шы гъэзэным хуэlаззт, сэшхуэр дахэу игъабзэрти, щlалэгъуалэр игъасэрт. Шхынкlи щыгъынкlи гугъу ехьа щlалэр цlыху сурэтым къихьэжати, теплъэ екlу зиlэ адыгэлlыр къуажэдэсхэм сыткlи яхьхьащlыкlырт.

Шэч хэмылъу, къуажэпщ Тембулэт абы гу лъитащ. Ар езым хуэдэ пщыхэм ефlэкlыу лlы Iущт, губзыгъэт, ауфлет, ауэ бын иlэтэкъым, и ныбжьри хэкlуэтат. Мылькушхуэр къызыхуигъэнэн, ар зезыхьэфын, пщыгъуэр хэзымыгъэкlуэдэжьи, и пlэкlэ къуажэпщу игъэувын куэд щlауэ лъыхъуэрт. Икlи хуабжьу щыгуфlыкlырт Къартул и зэфlэкlым.

Зэгуэрым пщым ыуажэ псор зэхуишэсащ. Къуажэдэсхэм яхэплъри, зы унагъуэ зэрычэмым гу лъитащ. Ар къыщlэмыкlуар зригъэщlэну Къартул егъакlуэ. Щlалэр здеблэгъа унагъэм щIалитI хъурмакlуэу яlэт. А тlур зэтlолъхуэныкъуэти, зэхэпщlыхуэкlыртхъэм. Къартул илъэгъуар гъэщlэгъэун хэхуэри, ихьащ. Къартул и къуэр щlэкlуар хуиlуэтащ.

- Щхьэгъусэ сымаджэ сиlэщи, пщым и дежь сыкlуэ хъунукъым. Ауэ абы и псалъэр згъэззащlэн хуейщи, сыкlуэнщ, ауэ сыкъэкlуэжьыкlэ уэ си щхьэгъусэм схуикlэпlэ, - жиlэри лlыр пщым деж кlуащ.

Къартул зыщlыхьа унэр кlыфlт, ауэ плlанэпэм дэт гъуэлъыпlэм гызу хэлъ цlыхубзым бгъэдэмыхьэн хуэфlэкlакъым. Илъэс куэд щlауэ бампlэм къызэгуич цlыхубзым и гукъеуэр лы мыцlыхуум хуиlуэтащ.

- Сыту фlыт сымылlэ щlыкlэ си губампlэр зыхуэсlуэтэн сызэрыхуэзар, - жиlэри и къекlуэкlыкlар и пэм щщlэдзауэ лlым хуиlуэтэжащ, зыхуиlуатэр хэтми щымыгъуаззу.

- А зи гугъу къысхуэпщlыр сфlэкlуэда си унагъуэрщ, си Сэтэней, сыту фlыт узэрыпсэур!

- Ди щlалитlыр дэнэ щыlэ атlэ? - щlоупщlэ Сэтэней къэгуфlэжаз.

Къартул жиlэнур имыщlэу и щхьэр ирехьэх. Итlанэ, и щхьэ хуэпсэлъэжхуэдэ, жеlэ: «Ди щlалэ щыкlуитlыр диlэжатэмэ, зощхьыркъабзэу фи пщlантlэм дэт щlалитlым хуэдэу балигъ хъуат». Къартул и щхьэгъусэм хуиlуэтэжащ я бынитlым я кlуэдыкlэ хъуам и хъыбар.

- Сыт хуэдиз зэман дэкlами сэ си щlалитlыр къэсцlыхужьынт. Си къуитlми я блэгъыкlэ сэмэгу зырызым мазэ ныкъъуэу анэл хэсщ.

«Хэт ищlэрэ» жьыкlиlэу, Къартул пщlантlэм дэт щlалитlыр иреджэ. Пщым и лыкlуэм жилар унафэти, я джанэхэр ятlатэу я блэгъыкlэхэр къыщыщlагъэщым мазэ ныкъъэм ещхьу анэл зэщхьыркъэпс ятетт зэкъуэшитlым. Ар зылъэгъуа анэм и нэпсыр къекlуауэ къызэрlотlысхьэ. Илъэс куэд щlауэ пlэхэнэу хэлъ цlыхубзым и къарури и унагъуэм къыдэкlужат.

- Ди Тхьэ! Сыту насыпышхуэ къызэуэлlэжа сэ нобэ! Си щхьэгъусэри си гъащlэр нэкlэпсыжэу щlэсхьа си щlалитlри зэуэ къэзгъэтыжащ, - жиlэрт цlыхубзым и нэпсыр сыдигъуэтыжащ.

Пщlантlэм дэт шыгу зэщlэщlам бзылъхугъэр ирагъэгъуалъхьэ, Къартул гублащхьэм къыдэтlысхьэри, щlалитlыр шы зырызым тесу къабгъурыуэзэкри къуажэ зэхуэсым яхьыхьащ.

Ар зыльэгъуа Кушыку япэщlыкlэ щlэпхъуэну яужь ихьат, ауэ Къартулрэ абы и щlалитlрэ ялъ ящlэжащ.

Мыдэкlэ къуажэпщ Тембулэт жылэ псор щlызэхуишэсар Къартул къуэ ищlу и мылъкури и пщыгъэри абы иритыну арати, абы жылэр щыгъуазэ ищlащ.

Захуагъэ хэлъу, пщlэшхуэ къэхуащlу и пщыгъуэр ирихьэкlащ Къартул, Сэтэней нэхъыфlкlэхъужри, пщым хуэфэщэн унэгъащэу жьэгум дэтlысхьэжащ.

кlэ, и щхьэгъусэм и Iэхур къыщыхуаIуатэм, къэнэщхьежащ. Арыххэуи, и къуитlыр шыплlэм дигъэтlысхьэри, и щхьэгъусэм и лъэужь теувэу ар къыгуэтыжьын мурад иlэу, къуажэр ибгынащ абы.

Гупсысэ куэд и щхьэм щызэригъэзахуэурэ куэд дыдэрэ лъыхъуащ ар и щхьэгъусэм. Здэкlуэм псышхуэ зэпрыкlын хуейуэ ирихьэлlащ. Уэлбанэ нэужьт, псыр къиуат, архъуанэщхуэхэри иlэт.

Псым хуэхьащи псэззпылъхьэпlэт, ауэ зекlуэлlым къикlуэт ищlэртэкъым. Сабиитlыр псым зэрызэприхынум зыкъомрэ егупсысащ. Зы щlалэ цlыкlир мыдэ жьжьэу егъэтlыс, къигъэззэжьыу псыкlэ къэпщми, къэмысын хуэдэу, ар дерей цlыкlур къещтэри, псы уэрым хохьэ. Псым зэприха сабийр аддэ жьжьэу иlэ щlыlэпсым дежь егъэтlысри, адрей щlалэ цlыкlур псым къызэприхыну игъэззжащ. Кlуэ пэтми псыр нэхъ уэр хъурт, ауэ Къартул и къуитlыр зэгъусэ имыщlыжауэ къикlуэт хъунутэкъым. Псым къызэпримыхыу къигъэна сабийр къэпщурэ псы Iуфэм гъунэгъу хуэхъащ. Ар адэм щиlъагъум, псы есыныр щlигъэжбжащ, арщхьэкlэ псы Iуфэм къэпща цlыкlур хэхуэри, ихьащ. Къартул и къуэр щlэкlуэгъуэну зэпаплъыхьащ ар а пщыхьэщхьэм. И бостейм и мызакъуэу, и ещхьэкlэкlи Сочэ къыдэт зэгурыт еджапlэ №13-р къэзыуахэм къэжьанэкlиащ пщащэр. Бэллэ дыщэ медалкlэ школыр къиухащ, абы къищынэмыщlауэ, «Телевиденэм и школыр» къызэриухам и щыхьэт тхыlыри къратыжащ хъыджэбзым а пщыхьэщхьэм.

- Телевиденэм режиссёру сыщылэжьэну хуабжьу сыщlохъуэпс. Москва Поморосовым и цlэр зэрихьэу дэт университетым Телевиденэмкlэ и школ нэхъыщхьэм си тхыlхэр езгъэхащ. Сыщогугъ къызэхъулlэну, - жеlэ Бэллэ.

Бэллэ и адэ-анэр (Заурбэчрэ Мерямрэ) Адыгэ Республикэм и Хьэтыкъуейм къуажэм щыщщ. Илъэсиф илъэ ахэр Сочэ къэзэпхъуауэ щытащ. Заурбэч «Кубань-энерго» Iэхъуэщlапlэм Сочэ щиlэ къудамэм и унафэщlым и япэ къуэдзэщ, инженер нэхъыщхьэщ. Мерем унэгъащэщ.

НЫБЭ Анзор.

● Шапсыгъ щlыналъэ

Дяпэкlэщ псори



Школыр къэзыух дэтхэнэ зы хъыджэбзэри и аттестатыр къыщратыж махуэм псом нэхърэ нэхъ дахэу щытыну щlохъуэпс. Уеблэмэ, абдеж ящыгъыну бостейр итlъысым нэблагъэкlэ къыхэзыхэри щlэзэщ. Сочэ къалэ дэс **Хьэпышт Бэллэ** курыт еджапlэр къызэрауухым иращlэкlи пшыхьым зэрыхэтыну бостейр тыншу къыхихащ. Ар зыхуеину бостейм и щlыкlэр итхри дэрбзэрым дежь ихьащ. Пэжщ, школыр къэзыухэм нэхъ бостей лъапlэ зыщыгъаи яхэтащ, ауэ и щlыкlэкlи, и плъыфэкlи Бэллэ ейм хуэдэу зэкlуж щыплъагъуртэкъым абы.

- Адыгэ фащэр зыгъэдахэ бгъэдэлъымрэ бгырыпхымрэ кlэрыплъу бостей езгъэдыну куэд щlауэ сыщlэхъуэпсырт, - къыддогуашэ Бэллэ. - Си адэ-анэм ар щажесIэм щыгуфlыкlри, къыздаIыгащ. Бостейр Сочэ щезгъэдащ, бгъэIуlымрэ бгырыпхымрэ Шэшэным щысхуащlри, къысхуразгъэхьыжащ.

Бэллэ и бостейр екlу дыдэ хъуат, куэдым яфlэгъэзджэлъ дедаIуэу, ди анэдэлъхубзэр тlурыlуу, адыгэбзэмрэ адыгэ хабзэмрэ нэхъ дахэ щымыlэу къыджаlэу си щыпхъумрэ сэрэ дыкъагъэтэджащ.

Си щыпхъур КъБКъУ-м и экономикэ факультетым и япэ курсым щоджэ, къалэм дэт музыкэ школыр къиухащ.

- Адэкlэ уи мурадхэм дащыбгъэгъуэзамэ арат.

- Еплlанэ курсыр къэзухмэ, магистратурэм сыщlэтlысхьэну сыхуейщ. Абы иужькlэ банкым сыщылэжьэну си мурадщ, программистуи сыпэлъэщынущ.

- Ахьмэд, уадыгэнэр сыт уи дежкlэ?

- Сыззрыадыгэр си дежкlэ пщlэшхуэщ, ауэ щыхьхуэкlи, ар жэуаплыныгъэ ин зыпылъ Iэхъущ. Ди лъэпкъым тхыдэ бей иlэщ, дэ, нэхъыщlэхэм, ди щхьэр лъагэу щlэтlыгъуэжьи нэхъыжьхэр ди япэ итащ. Илъэсищэ зауэм пхыкlа си лъэпкъым и щхьэ ихьумэжьфащ. Лъэпкъ хабзэр пщlэнкlэ, абы утетыныр икъукlэ къалэнышхуэщ - ар зыхэлъыр сыт хуэдэ гупи хэзэгъэнущ. Адыгэу зыкъэзылъытэжьым адыгэ хабзэр иныгъыщ. Уи адыгагъэр къэзыгъэлъагъуэр уи дуней тетыкlэращ. Джэущымыlэми укъызыхэкlар пщlэжу, абыхэм къыпхалъхьа хабзэм утету упсэун хуейуэ къыхсщохъу.

Епсэлъар

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.

ЭНЕС Ахьмэд:

Хабзэр пщIэныр, абы утетыныр къалэныхуэу солъытэ

Тыркум къиlэпхъукlыжу илъэс куэд илэкlэ хэкум къэкlуэжу унагъуэ щызыхуэжахэм ящыщщ нобэ зи гугъу фхуэсщlыну Энес (Анскьпъу) Ахьмэд и адэ Анскьпъу (Энес) Зулфикъар.

А щlалэр КъБКъУ-м Информатикэмкlэ, электроникэмрэ компьютер технологиехэмкlэ и институтым и ещанэ курсым щlэсщ икlи гугъэфlхэр уэзыгъэщl щlэблэм ящыщщ. Ар фlы дыдэу йоджэ, уеблэмэ къыхиха Iэщlагъэмкlэ иджы щыщlэдзауэ щlэныгъэ лэжьыгъэхэр игъэхьэзырурэ дунейпсо журналхэм къытырегъадзэ. Абыхэм къищынэмыщlауэ, ар сурэт щlыным хуэзэкlуэлъакlуэщ. 2006 - 2012 гъэхэм Ахьмэд художественнэ школым щеджащ.

- ПЕДАГОГИКЭ институтым сыщlэтlысхьэри, япэ илъэсыр къэзухыу сыщеджащ, уеблэмэ, школым практикэ сыщыlауи щытащ. Ауэ щыхъуэкlи, компьютерым пыща щlэныгъэр Iэщlыб схуэщlыртэкъым, зыгъэпсэхугъуэ зэманым абы екъэлlа куэдым седжа зэпытт. Сегупсысыжа иужькlэ, иджы сыщеджэ факультетым сыкъагъэкlуэжьну лъэlу тхылъ стхащ. Фlыуэ сызэреджам и фlыгъэкlи си лъэlум занщlэу арэзы текъуат. ЕджапIэм сызэрыщlэтlысхьэу къызэгурыlуат ар си унэтlныгъэу зэрыщытыр - псори тыншу къызэхъулlэрт. Мы еджапlэм къыщlэкlуэри лекцэхэм къытхуеджащ. США-м зэрыщрагъеджэм и гугъуи къытхуищlащ. Абы иlэжьажэм ящыщу сфlэгъэщlэгъуэн хуаxэмкlэ сывдэгуэшэну сыхуейт. Америкэм щеджа студентхэм зэи тратхыкlырт. Шэч хэмылъу, США-м технологием зыыужьыныгъэшхуэ щигъуэтащ. Псалъэм папщlэ, егъэджакlуэм студентхэм яригъэтха лэжьыгъэм жэщкlэ еджажу щыскъым, а дакъикъэм абы и компьютерым ыкъредзэ хэт сыт хуэдэ щlэныгъэ иlэми, студентхэм я нэхъыбапlэм арэзы укъэзымыщlу оценкэ къахьамэ, профессорым къытригъэззэкlынуэ а темэр иджыри ягурагъэlуэжьынущ.

- Гу зэрылъытащи, уэ уи адэм и Тырку унэцlэращ зепхьэр? Абы и щхьэусыгъуэр къэзыщlэлъ сыхуейт. Еджапlэр къэбухмэ, Тыркумкlэ ущыпсэун мурад уиlэу ара?

- Си адыгэ унэцlэр Анскьпъущ. Ауэ Энес унэцlэр нэхъ нэIурыту къэслъытэри, къэзгъэнащ. Школыр къыщызухам япэщlыкlэ Тыркум дэт университетхэм языхэзым сыщlэтlысхьэну сыхуеят, ауэ тхылъымпlэкlэ и зэманым езмытурэ сыкъыкlэрыхуати, КъБКъУ-м сыщlэтlысхьэжащ. Итlани Тыркум и университетхэм ящыщ гуэрым зезгъэдзыжьын мурад сиlати, еджэн щlэздза иужь сыхущlегъуэжащ. Еджапlэр къэзуха иужь Хэкужьым арэзы сызыщlын Iэнатlэ къыщызгъуэтмэ, мыбы сыщылэжьэнущ, Iэмал иlэмэ, Къбэрдей-Балъкъэрым сикlынукъым. Сэ фlы дыдэу солъагъу мы щыналъэр. Уеблэмэ, нэгъуэщl къэрал дыкlуа иужь, дыкъыщыкlуэжьнур къыслухуэмыгъэсу сыщlэщу. Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэдэу си гум зыщыгъэпсэху нэгъуэщl зы щы-пlи щыlэкъым, мыр си лъахэу, си къуэпсэм я къежьапlэу зэрыщытыр арагъэнщ. Хэкум хузиlэ фlыльагъуныгъэ иныр куэдкlэ я фlыгъэщ си унагъуэм.

- Укъыщыхъуа унагъуэм сыт хуэдэ хабзэ щызекlуэр?

- Сызэрыщыкlыгъэ адыгэ хабзэрращ ди унагъуэм щытепщэр. Нэхъыжьым пщlэ хуэтщlу, абыхэм жаlэм ди унагъуэм щызекlуэ ар а пщыхьэщхьэм. И бостейм и мызакъуэу, и ещхьэкlэкlи Сочэ къалэ дэт курыт еджапlэ №13-р къэзыуахэм къэжьанэкlиащ пщащэр. Бэллэ дыщэ медалкlэ школыр къиухащ, абы къищынэмыщlауэ, «Телевиденэм и школыр» къызэриухам и щыхьэт тхыlыри къратыжащ хъыджэбзым а пщыхьэщхьэм.

- Телевиденэм режиссёру сыщылэжьэну хуабжьу сыщlохъуэпс. Москва Поморосовым и цlэр зэрихьэу дэт университетым Телевиденэмкlэ и школ нэхъыщхьэм си тхыlхэр езгъэхащ. Сыщогугъ къызэхъулlэну, - жеlэ Бэллэ.

Бэллэ и адэ-анэр (Заурбэчрэ Мерямрэ) Адыгэ Республикэм и Хьэтыкъуейм къуажэм щыщщ. Илъэсиф илъэ ахэр Сочэ къэзэпхъуауэ щытащ. Заурбэч «Кубань-энерго» Iэхъущlапlэм Сочэ щиlэ къудамэм и унафэщlым и япэ къуэдзэщ, инженер нэхъыщхьэщ. Мерем унэгъащэщ.

НЫБЭ Анзор.

● Хъыбар гуапэ

Иорданием щыщ БищIо Иман и ехъулIэныгъэ

Иорданием щыщ адыгэ пщащэ БищIо Иман иджыблагъэ щытекlуауэ Ливаным щекlуэкlа «Arabs Got Talent» зэпеуэм иным.

ИЛЪЭСИЙ ныбжьым ит Иман и адэр Иорданием щыпсэу адыгэхэм ящыщщ, анэр Америкэм хьащlахуащ. Пщащэ цlыкlуи и макъ жьгъыурмкlэ къэпщытакlуэхэр къыдихьэху, «Дыщэ макъ» саугъэтыр къратащ. Абы гухэхъуэу игъэззэщlат Пуччини Джакомэ и «Джанни Скикки» оперэм щыщу «Фlыуэ слъагъу си адэ» уэрэдыр.

А Iэхъум хэкурыс куэд щыгуфlыкlащ икlи пщащэр ирыграгъэгушхуэну КъБР-м щыщ «Хьэгъэудж» гупым абы Iэпэпшынэ хурагъэщlащ. Ар жэрдэм зыщlар «Гу къабзэхэр» щlалэгъуалэ зэщlэхъеенныгъэм и унафэщl Къарэ Ратмирщ.

- Иман и текlуэныгъэм хуабжьу сыщыгуфlыкlащ. А пщащэ щыкlум къыхуэгъэльэгъуащ дэнэ щыпlэ ущымыпсэуми укъызыхэкlа лъэпкъыр зэрыпхуэIэтынур. Хэкум къикlауэ тыгъэ Iэрыхьэмэ, пщащэм и гуапэ хъунщ жысlэри аращ Iэпэпшынэ щыхуэезгъэщlар. Ар зыщlа «Хьэгъэудж» гупым зыхуезгъэщlыр къыщащlэм, и хуэ-ныкъуэращ сlахар. Адыгэ макъамэ Iэмэпсымэхэм щыщу Iэпэпшынэм нэхъ тыншу зыпхуеГъэсэнути, аращ ар ти-тlъэ щыхуэсщlар. Иорданием и щlалэгъуалэ гуп мыгувэу Налшык къэкlуэн хуейщи, абыхэм Иман и тыгъэр хуезгъэхьыжыну мурад сиlэщ, - къыддогуашэ Къарэ Ратмир.

Иман и адэ-анэр Хэкужьым къэкlуэжьну щlохъуэпс, ауэ, зэкlэ я лэжьыгъэ Iэхъуэхэр яхуэзэхъуэрхъыркъыми, тегушхуэркъым.

Зэпеуэм къыщlихьа текlуэныгъэр ди лъэпкъэгъу пащщэм и ехъулlэныгъэ инхэм я къежьапlэ хъуну, къызыхэкlа лъэпкъыр, и адэ-анэр иджыри къэдрэгъэгушхуэхьауэ!

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

● Газетеджэм и усэ

Уэсят

Зэгуэрым уи гум хъумэ сыкъэкlыж,
Ухуэмыщхьэхыу си кхъащхь некlуалlэ,
Къысщlэгъумэ уигу, Iэ дэлъи сынышхьэ диижам,
Гукъеуэу гущхьэр зыгъэбатэр
Къысхуэlуатэ, къысхуумыщlу шэч.
Уи нэпсу гущlагъщlэльэ пышащхьэр
Абдеж хуит пщlыну сынолъэlу.
Зэгуэр къэхъуами щысщlу и жагъуэ,
Фlы защlэкlэ си уигу сыкъэзгъэкlи.
Къэхъуами псалъэ гуауэ щысlэщlэкl,
Кынами дыджу гущlэм псалъэ,
Пхуэзфlэкlынум, къысхуэгъэгъу.

АФЭЩlАГЪУЭ Анас.
Налшык къалэ

Гу лъэмыжхэр нытралъхьэ...

Си гуапэщ жэщ къэсыху сльаГъуну пщІыхь - А пщІыхьым хэту щытмэ Къэбэрдейр. КъысфІокІри си бгъэм, си гум къельэтыхь КІуэжынт, лъэкІамэ, си хэжъ пщэдей.
АНСЫКЪУЭ Зулфикъар

Тыркум щыІэ «Орта Азие - Кавказ» Хасэм и тхьэмадэ Бырдж Шэриф, абы хэт нэхъыжьыфІ Нэгъуей Яшар сымэ я жэрдэмкІэ бадзэуэгъуэм и 3-14-эм хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я щІэблэр щызэхагъаплъэ, щызэрагъэцІыху зэхыхьэ дахэ екІуэкІащ. «ІитІрэ пэт, зэрымытхьэщІмэ, зэрыщІэркъым», - жеІэ псалъэжьым. Мы зэІущІэр хуабжьу щхьэпэщ анэдэлъхубзэмрэ адыгэ хабзэмрэ хэхэсхэм я щІэблэм къегъэщтэныкІэ, лъэпкъым къыщІэтаджэж щІалэгъуалэр зэрыгъэцІыхьунымкІэ. Мы гъэм ещанэу къызэрагъэпэща ныбжьыщІэ зэхуэсыр нэхъ ину, зэпэщу зэхашащ.

ЗЭРЫЗЭГУРЫІУАМ тету, Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ Тэрч щІыналъэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и къудамэмрэ Тыркум щыІэу пщыкІуащ. Зэхыхьэр къыдэзыгъэпэщахэм къызэрагъэувыкІэ, щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я ныбжьыр илъэс 12 - 17-м къитІэсэн, адыгабзэр яІуры1ыльн хуейт. Ди республикэм къищынэмыщІауэ, а зэІущІэм ирагъэблагъат Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм, Израилым, Иорданием, Сирием, Тыркум щыпсэу адыгэхэр. Псори зэхэту щыІу 200-м нэблагъэрт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъэдэкІыу а зэхыхьэм иджы етІуанэу кІуэну хуагъэфэщащ «Терчанка» щІыхубз ансамблым (гупым я къэсакІуэхэу Гуэныкіэ Лиуан, Быкъыш Къазбэч сымэ яГуэсу). Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу Тыркум зыщагъэпсэхуащ Хьэтіохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгабзэ хасэм иужьу иригъэкІыжа «Джэгурэшым» щытекІуа,Ботэщей къуажэм щыщ ныбжьыщІэхэр (гупым я унафэщІхэщ Хьэбзэ къуажэм дэт курыт еджапІэм адыгабзэмкІэ и егъэджакІуэ, Хьэтіохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгабзэ хасэм КъШР-м щиІэ къудамэм и Іэтащхьэ Шэрджэс РасьятрэБотэщей дэт курыт еджапІэм и унафэщым и къуэдзэ Унэж Мадинэрэ). Адыгейм щыщу иригъэблагъат унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ къыхэжаныкІа школакІуэ щыкІуэхэр (унафэщІхэр - спортсмен цІэрыІуэ Хьэт Юнусрэ абы и щхьэгъусэ Рэхьмэтрэщ).

Къхъулъатэр къыщетІысэха Ататюрк аэропортым ди лъэпкъэгъуэр гуапэу къыщытпежьат адыгэ бэракъэр яІыгъыу. Гупэр ялэу дыздрагъэблагъар Бурсэ къедзылІа Улудаг дэт студент къалэ щыкІурщ. ЩхьэантІагъэкІэ, мэзэр бгыкІэ къэухъуреихьа а щІыпІэм зэ ІуплъэгъуэкІэ ди щІыналъэр уигу къингъэкІырт.

НыбжьыщІэхэр нэхъыфІу зэрыщІыхун, нэхъ зэпсэльын папщІэ республикэ, къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм щыщхэр зэгъусэурэ пэщхэм щІагъэтІысхьат, щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ унэ щхьэхуэм щІасу.

Лъэныкъуэ куэд къызэщІаубыдэу, махуэхэр щІэщыгъуагъэрэ гъэщІэгъуэнагъкІэ гъэнщІауэ къызэрызэрагъэпэщыным хуабжьу егупсыр Іуэхур къыхэзылъхьахэр. Къапщтэмэ, ныбжьыщІэхэм я нэгу зэрызрагъужьым, зэрызэрагъэцІыхум къищынэмыщІауэ, ахэр дерс щхьэпэхэм щІагъэдэІуащ. Акъылыр игъэутхъуэу, цІыхур игъэудафэу, и щхьэ хуимытыжу зыгъэделэхэм пэІащІэ зэрызащІыным, ди хабзэм, ди япэ итахэм, нэгъуэщІ куэдми Тыркум щыпсэу адыгэхэм ящыщу абы кърагъэблагъа щІэныгъэлІхэмрэ Іэщ1агъэлІхэмрэ щытепсэлъыхьырт пщэдджжь къэс ирагъэкІуэкІ семинархэм. Абы къыдэкІуэу хэхэс адыгэхэм ящыщу зи анэдэлъхубзэр зымыщІэхэм ирагъэщІэным, Тыркум щыпсэу адыгэхэм я Іуэху зытетым, я псэукІэм нэІуасэ щІыным, лъэпкъым и тхьдэм и пэжыпІэм теухуа дерсхэр гъэщІэгъуэну ирагъэкІуэкІырт. А псори зэфІэкІа ижь, ди гупым я унафэщІхэу Гуэныкіэ Лиуанрэ Быкъыш Къазбэчрэ щІалэхэр, КъШР-м икІа Унэж Мадинэ хъыджэбзхэр къафэм хуагъасэрт.

Налкъут удзыфэм и къалэ

Тыркум хыхьэ нэхъ къалэшхуэхэм ящыщщ Бурсэ. Абы щхьэантІагъэр, псейхэр, щхъуэмч жыгхэр зэрыщыкуэдым щхьэкІэ а щІыпІэм щыпсэухэр «налкъут удзыфэм и къалэкІэ» йоджэ. А къалэ зэпэщыр Мрамор тенджызым пэжыжьхэщ. Иджырей Тыркум и гущаІэу къалъытэр Бурсэщ. Ар щІыжаІэм и щхьэусыгъуэри къалэм узэрыдыхьэу нэрылъагъу мэхъу, пасэрей ухуэныгъэхэмрэ щІыпІэ дахэхэмкІэ бейщ ар. Узыншагъэр щрагъэфІакІуэ, зыщагъэхъуж щІыпІэхэри щыкуэдщ.

395-1326 гъэхэм къалэр Византием и Іэмыщ1э илъащ. Иужьк1э ар Уэсмэн къэралыгъуэм зыІэригъэхьат, уеблэмэ, 1365 гъэ пщІондэ абы и къалащхьэу щытащ. XIX лІэщІыгъуэм икуэм щІыр ину зэрыхъеям, мафІэсышхуэ къызэрыхъуам я зэранкІэ къалэм тхьэмыщкІагъэшхуэ къытепсыхэри, аргуэру зэрагъэпэщыжащ.

ЕтІуанэ алыдж-тырку зауэшхуэм (1919 гъэ) къалэр алыдж зауэлІхэм яубыдауэ щытащ, ауэ илъэситІ нэхъ дэмыкІыу Тырку къэралыгъуэм къищтэжащ. Иужьк1э промышленность хьэлъэм зэрызрагъужьам и фІыгъэкІэ ар нобэкІэ Истамбыл, Анкара, Измир сымэ къакІэлъыкІуэ нэхъ къалэшхуэхэм ящыщ хъуащ. Абы и щыхьэтщ «Renault» автомашинэ завод абы зэрыдэтыр, метро ин зэриІэр.

Бурсэ щІыпІэ гъэщІэгъуэн и мащІэкъым, абыхэм ящыщщ Мэжджыт удзыфэр, Мавзолей удзыфэр, уэсмэн лъэхъэнэм ипэкІэ щыІа члисхэм ещхьу щІа Улу Джами мэжджытыр? Мурат II и мэжджытыр, епэр гуакІуэхэмкІэ гъэщІэрэщІа хадэ дахащхэр, нэгъуэщІ куэди. Зи гугъу фхуэсщІа щІыпІэхэм ящыщу гупыр дыздрагъэблагъахэми мащІэу я гугъу фхуэсщІыну сыхуейт.

Бурсэ и хъугъуэфІыгъуэхэр

Куэдым ягу ирихьу зэпІъа, тхьдэр и лъабжьэу траха «Великолепный век» кином хэта Шехзаде Мустэфа и мавзолейри мы къалэращ зыдэтыр.

СулътІан Селим II пащтыхьыгъуэр къыпІысса иужьк1э, 1555-1556 гъэхэм, иригъэщІауэ щытащ ар. Мавзолейм хуабжьу зэрегугъуам гу лъыбота и щІыхьэпІэм щыщІэдзауэ: удз гъэгъа зэмылІэужьыгъуэхэмрэ КъурІэнымит сурэ лъапІэхэмрэ екІуу тетхащ блынхэм.

Мрамор лъэгукІэ Іэта пэшыкум пхъэмбеилп1 тетщ. Нэхъ иныр Мустэфа ейщ (ар 1553 гъэм дунейм ехыжащ), адрейр абы и къуэ Орхъанщ (1562 гъэм лІащ), къыкІэлыкІуэр Мустэфа и анэ Махидевранщ (1580 гъэ), епІанэ сабий пхъэмбейр зейр ящІэрыкъым.

«Великолепный век» кинор бзэ куэдкІэ зэрадзэкІыу къагъэлъэгъуа иужьк1э, ику иту цІыху 500 зы махуэм хуэзэу къекІуэлІэн щІадзащ мавзолейм.

Апхуэдэуи дэ дашащ Бурсэ дэт нэхъ пасэрей тхъэелъэлъпІэхэм ящыщу къалъытэ, 1326 - 1359 гъэхэм Уэсмэн хэралыгъуэм и унафэщІу щыта Орхъан Гъази и цІэр зезыхьэ мэжджытым. Ар 1339 гъэм яухуащ. Абы щыгъуэ ар зы мэжджыт, мыдрисэ, хьэмэмитІ, гуэщ кІыхь фІэкІа мыхъуу щытамэ, къыгуащІыхьыжурэ мэжджытышхуэ хъуащ иджы.

А псом къищынэмыщІауэ, псы хущхъуэ къыщІэжкыпІэу 3, псы хуабэу - 8 дэтщ Бурсэ. Абыхэм я хъуреягъэм зыгъэпсэхупІэ къалэ щыкІуэхэр щаухуауэ, илъэсым и кІыхьагъкІэ туристхэр щагъэхьощІэ. Тхъуэбзащхъуэ, кальцийкІэ, лъхъумбкІэ къулей а псы хущхъуэхэм зыщагъэхъужыну кІуэр мащІэкъым.

Улудаг

Студент къалэ щыкІыкІэ зэджэ хъуну а щІыпІэм, щІыуэпс дахэмрэ хьэуа къабзэмрэ я мызакъуэу, абы адыгэхэми куэду ущрохьэлІэ. Тыркум и бгы-лыжэ зыгъэпсэхупІэ нэхъ ин дыдэр здэщыІэр Улудагщ. Ар километр 150-кІэ Истамбыл пэІэщІэщ, километр 35-кІэ Бурсэ пэжыжьащ. «Улудаг» псалъэм «бгы лъагэ» кІикІыу араща. А фІэщыгъэр зезыхьэ бгым и лъагагъыр метр 2543-рэ мэхъу. Псейхэмрэ щхъуэмч жыг зэкІужжэмрэ мэзу щызэхэтщ абы.

Улудаг хьэщІэ щикуэдыр щІымахуэрщ. Уэс хужьр бгыхэм къытрилъхьа иужькІэ лыжэкІэ къэзыжьхьыну туристхэр къызэхуос. ЗэрыжаІэмкІэ, ар цІыху кІуапІэу зэрыщытыр пщІэхэр зэрыщымыиным и фІыгъэщ.

Шэрджэсхэр куэду щыпсэу щІыпІэ

Бурсэ къалэ дахэ цІыкІум и тхьэмадэ Першембэ Теммуз епІанэ махуэм дригъэблагъащ, уеблэмэ, пщІэ лей къызэрытхуищІыр дигъэльагъуэ, езыри щІыхьэпІэм къыщІытпежьат. Гупэм я нэхъыжьхэр дызригъэщІыхуа иужькІэ Бурсэ и тхьдэм, абы нобэ иІэ псэукІэм мащІэу и гугъу къытхуищІащ.

- Ильэси 130-м нэблагъэщ догъэбыдэ, Кавказым къикІа лъэпкъхэм яхудиІэ пыщІэныгъэр абыхэм я псэукІэр зэрытщІыным дыхущІокъу. Кавказым къикІа лъэпкъ куэд щопсэу ди деж. Зы гъэщІэгъэн вжеСІэнщ, Бурсэ хьэжрэт адыгэхэр нэхъыбэу зыдэс къалэхэм ящыщщ икІи ди лъэпкъэгъуу цІыху 3500-рэ щопсэу. Мыбы адыгэхэр фІыуэ щалъагъу, пщІэ леи щыхуащІ, хабзэ дахэ куэд яхэлъщи. Кавказым къикІа лъэпкъхэм щэнхабзэ бей яІэщ. Мыри фщІэмэ си гуапэщ, сэ си къуэпсэр Кавказращ къыщежьэр, си анэшхуэр Азербайджаным щыщщ.

Бурсэ цІыху мелуанищ дэсщ. ЩІыпІэ куэдым къикІахэм я щхьэр къыдахьэлІэри, дэри «хьэуэ» яжетІэркъым. Ахэр мымэжэлІэн папщІэ лэжьыгъэ Іэнатіэ Іудогъуэв, я щхьэ япІыкъу псэунымкІэ защІыдогъакъуэ. Тхьэм и фІыщІэкІэ, лэжьыгъэ ди куэдщ. Бурсэ заводкІэ, фабрикэкІэ къулейщ, машинэ, телефон, щэкІым къыхэщІыкІа щыгъынхэр къыщыщІагъэкІ, хадэхэкІым, ахъуэм, пхъэщхьэмыщхьэм щелэжь заводкэр диІэщ. Лъэныкъуэ куэдкІэ зыужьыныгъэ игъэтащ Бурсэ. Дэ цІыху фІыуэ долъагъу, ди деж нэхъыбэ къэкІуэху ди Іуэхур нэхъ иофІакІуэ.

Фэри фызэрыдихьэщІэр дэркІэ пщІэшхуэщ. Лъэпкъыу дыкъэнэн папщІэ ди щІэблэр зэрыдгъэцІыхун, зэрыдгъэщІэн хуейщ. Мы зэІущІэмкІэ ди зэпыщІэныгъэр иухыну сыхуейкъым, Бурсэ щыпсэу ныбжьыщІэхэм адэжь хэкум и дахагъэр едгъэлъагъуну хуабжьу дыщІохъуэпс.

ФыкІуэжмэ, фыкъэзыгъэкІуа нэхъыжьхэм фІыщІэ тхуахуэфщІыж, сэлам гуапи тхуефхыж, - зыкъытхуигъэзащ Першембе Теммуз.

Адыгэ хьэгъуэлІыгъуэ

Бурсэ дызэрыщыхьэщІэм и хъыбар а щІыналъэм щыпсэу адыгэхэм псынщІэу зэлъашІысат. Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэр зэрыкъэфакІуэ гупыр къыщащІэм, ди бысымым лІыкІуэ къыхуагъакІуэри, я хьэгъуэлІыгъуэм дыхэтыну къелъэІуащ. Адыгэ хабзэм зэрытетуи, пщыхьэщхьэм дызышэну машинэм гъусэ иІэжуи къыткІэлъыкІуат. Дыздаша рестораныр пащтыхь унэхэм ещхьу лъагэт, узригъэхъуапсэуи зэгъэпэщат. ЩІыхьэпІэм деж къыщыптпежьа ди лъэпкъэгъуэхэр щІэмычэу щІэупщІэрт хэкум, дызыщыщ лъэпкъым, нэгъуэщІ куэдми.

Учак Мелих и хьэгъуэлІыгъуэр щекІуэкІ унэшхуэр зейр лъэпкъкІэ осетинт. УщымыгуфыкІынкІэ Іэмал иІэтэкъым шхынхэр зэбграхыу абы щІэт пщащхэм бгырыс фащэ зэращыгъым. ХьэгъуэлІыгъуэм икуэм дрихьэлІауэ арати, абы ипэкІэ хабзэу щызэрахьар тІъэгъуакъым, ауэ кърихьэлІахэм тырку къафэкІэ я нэгу зрагъэужьу дахьхьащ бысымым. Бэрэбанэ абрагъуэм макъышхуэ ищІу зы теуІуэрт, адрейхэр хъурейуэ къекІуэкІырт, къафэри цІыхухъуэхэм я закъуэт. Дэтхэнэ зы адыгэми и гущІэр къызэщІзэзыгъуэшэ узркъ къафэр ирагъажьэу «Терчанка»-р утыку кхихьа иужь, пэшым щІэс псори щым хъуат, нэм илъагъур яхуэмыуэтэжьынкІэ гузавэу, телефохэр кърахауэ гупыр къызэрыфэр тезыхъэри мащІэтэкъым. ИтІанэ хьэгъуэлІыгъуэм кърихьэлІахэри къыхэтшэри, джэгу Іэта етщІэкІащ зи насыпыр зы зыщІахэм. КъэфэкІэ зыщІэри зымыщІэри утыку кхихьэну пшынэм тригъэгушхуэрт а пшыхьым, ауэ сэ гу зылъыстараща, Тыркум щыпсэу адыгэхэм я нэхъыбэм (нэхъыжьми нэхъыщІэми) къафэ псынщІэрщ я щІасэр.

Лъэпкъыр куэдкІэ зыщыгъуэ

Бырдж Шериф зи тхьэмадэ хасэм япэу къызэригъэпэща гъэмахуэ зыгъэпсэхупІэм 2014 гъэм сыщыкІуам и адыгэгу къабзэмкІэ, Іуэхуитыкі дахэмрэ гъэсэныгъэмкІэ ныбжьыщІэ псоми къахэщ, пшынауэ щІалэ Джымокъуэ Тамбий техуэуа тхыгъэ ди газетым щхьэхуэу тездзауэ щытащ. Иужьки абы и ехъулІныгъэхэм ди газетеджэхэр мызэмытІэу щыгъуазэ фыхуэтщІащ. Езы Тамбии Налшык къарагъэблагъэри, Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым концерт цІыкІу щитат нэгъабэ. Пэжу, а щІалэм узэрыплъэу ар къэкІуэну дахэ зиІэхэм зэращыщыр къыбгурыІуэрт. Иджырей зэхыхьэм и зы пшыхьыр Тамбий техуэуа щытащ. Музыкэм и дунейпсо классикхэм я Іэдакъэщ1экІ курыххэр гугъэзагъэу абы игъэзэщІащ. Ди гъусэ ныбжьыщІэхэм апхуэдизэ зэмылІэужьымышыІэн, дыкъыздашар яфІэмыгъэщІэгъуэныкІэ дышына щхьэкІэ, сыхьэтрэ ныкъуэкІэ ахэр дихьэхуэу едэІуащ ди лъэпкъэгъу щІалэм пианинэм къригъэкІаехэм.

Пшыхь нэужьым, нэхъ пасэкІэ нэІуасэ къысхуэхъуауэ щыта, Тамбий и адэ Нарт дехъуэхъуну дыбгъэдыхьати, - «Ар сэракъым зи щІалэр, ар лъэпкъращ зейри, Тхьэм псоми и хьер дигъэльагъу», - къыджиІащ. Тамбий хэлъ гъэсэныгъэмрэ щыпкъэныгъэмрэ я лъабжьэр къыщежьэ унагъуэр Алыхым куэдрэ хуигъэузынщ.

Бадзэуэгъуэм и 22-м Къайсэр щызэхэта фестивалым Джымокъуэ Тамбий Нэхущ Чэрим и гъусэу утыку кхихьащ. ЩІалэщІэр жэуапльныгъэшхуэ зыпылъ а Іуэхугъуэм зэригъэгузавэр щэхуу къыджиІащ, ауэ абы и зэфІэкІыр апхуэдэ утыку куэдым хуриІэкуну, дэри и ехъулІныгъэщІэхэм дежьэнущ.

Пшынэм и макъыр къэдмыгъэІуам...

Хабзэ хъуауэ, мыпхуэдэ зэхыхьэхэм къирихьэлІа ныбжьыщІэхэм ящыщу зэфІэкІ зиІэхэм зэгъусэу гуфІэгъуэ пшыхь ящыгъэгъэпэщ. Абы, япэрагъ, гупхэр зэкъуеГэувэ, етІуанэрауэ, щыналъэм щыпсэухэм я нэгу зрегъэжьэ. Улудаг щыдгъэкІуа иужьрей махуэми апхуэдэ пшыхь къызэдгъэпэщат. Абы кърагъэблагъат Бурсэ, Улудаг, Мустэфа Кемал-паша я нужьажьм и тхьэмадэхэр, а щІыпІэм дэт университетхэм я унафэщІхэмрэ лекцэ къытхуеджа профессорхэмрэ, хасэ тхьэмадэхэр, ди лъэпкъэгъу куэд.

Ялэу зыкъэзыгъэлъэгъуар Адыгейм щыщ ныбжьыщІэхэращ. Мэшбащэ Исхьэкъ и «Сэ сыадыгэщ» усэмкІэ къызэІуахащ пшыхьыр. ИтІанэ уэрэдкІэ къаІэтащ къызэхуэсахэм я гукъыдэжыр.

Къэрэшей-Шэрджэсым и лІыкІуэхэр Бемырзэ Мухьэдин и «Адыгэ лъэпкъым и Іэпкъ-лъэпкъ пщыкІуг!» усэмкІэ утыку къихьащ. А усэр теплъэгъуэ щІыкІэу, гъэщІэгъуэну ягъэуват, лъэпкъэм я щІэр къэщІраІуэкІэ цІыху къэс вагъуэ зырыз кърахьэурэ вагъуэ пщыкІуГІыр утыкум щызэхуахьэсат. Хьэурыбзэр зи щІасэ зэпсэгъуэм я хъуэр къэІуэтэкІри артист Іззагъэ яхэлъу щагъэлъэгъуащ абыхэм пшыхьым. КъаІуэзэхуэсахэм псом хузмыдзэу ягу ирихьащ «ИстамбылакІуэм и гъыбзэр» Лъхужьхуэщащэ Саният гум хыхьэу зэригъэзэщІар.

Къафищрэ уэрэдитІкІэ утыку дихьат Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэр а пщыхьэщхьэм. «Терчанка»-м и утыку итыкІэр нэхъапэуэкІэ къащІами, абыхэм хуаІэт Іэгуаузм гур хигъахъуэрт. А зэхыхьэм сэ къызгурегъэІуащ бзэм и ўарум нэхъ ерэфэм, макъамэм я къарур зэрынэхъ иныр. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, пшыхьыр зэрызэхуащІыжа джэгум адыгэбзэкІэ зы псалъэ зымыщІэ куэд яхэтащ, адыгэлъ зэращІэтыр я къэфэкІэкІэ ямыгъэгъуащэу.

Тхыгъэри сурэтхэри
ЩОМАХУЭ Залинэ *ейщ.*
(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Першембэ Теммуз Бырдж Шериф тыгъэ ирет.

«Терчанка»-р Бурсэ щекІуэкІа гуфІэгъуэ пшыхьым екІуу хэтщ.


Нэгъуей Яшар щІалэгъуалэ зэхыхьэр къызэІуэх.

Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм икІа ныбжьыщІэхэм я унафэщІхэр Улудаг деж зыщагъэпсэху.

Бурсэ къалэм и тхьэмадэм дрегъэблагъэ.

Фэеплъ сурэт.

Махуэ къэс джэгукІэ яухыжырт.

Джымокъуэ Тамбий

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокъуэ Эльдэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Заминэ, Хьэжькъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленениим и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтчэным - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэІуа Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленениим и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редакцэм* **ЖэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэм* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 2-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Щомахуэ Марианэ, Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанизэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.455 ● Заказ №929